

# KLAS 4YÈM ANE

NIVO ELEMANTÈ

EGZAMEN SYANS

EGZAMEN EKRI

1YE JEN 2015

Non Elèv la \_\_\_\_\_

Non Lekòl la \_\_\_\_\_

**Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy kominikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.**

Ekri non ou ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo.

Egzamen an gen de (2) pati. Pati I ak II a nan tiliv egzamen sa a.

**Pati I** a gen 30 kesyon chwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo sou yon fèy repons apa. Sèvi ak yon kreyon nimewo 2 sèlman sou fèy repons lan.

**Pati II** a gen 14 kesyon ki mande pou konpoze yon repons. Ekri repons ou yo pou Pati II a nan tiliv egzamen sa a.

W ap gen tout tan ou bezwen pou reponn kesyon yo.

**PA VIRE PAJ SA A TOUTOTAN YO PA DI W POU FÈ SA.**

## ENSTRIKSYON

Genyen 30 kesyon nan Pati I egzamen an. Apre chak kesyon, gen twa (3) oswa kat (4) repons, ki gen nimewo A–D. Li chak kesyon avèk anpil atansyon. Gade ki repons ki pi bon pou chwazi. Sou fèy repons apa a, make repons ou nan ranje ti wonn yo pou chak kesyon yo; pou make repons lan, nwasi ti wonn ki gen menm lèt ak repons ou chwazi a. Sèvi ak yon kreyon nimewo 2 pou make fèy repons lan.

Li Egzanp Kesyon **S-1** ki anba la a.

**S-1** Lè dlo jele, yo rele li

- A bwouya
- B glas
- C bye
- D vapè

Repons kòrèk la se **glas**, ki sou kote lèt **B** a. Gade sou fèy repons lan, nan kare ki gen ranje ki gen ti wonn pou repons pou Kesyon ki nan Egzanp **S-1** an. Gade kijan yo nwasi ti wonn ki koresponn ak lèt **B** a.

Kounye a, bay repons pou Kesyon ki nan Egzanp **S-2** a. Make repons ou sou fèy repons lan nan kare ki gen ranje ki gen ti wonn pou Kesyon ki nan Egzanp **S-2** a.

**S-2** Ki bèt ki gen zèl?

- A zwazo
- B krapo
- C sourit
- D lapen


Repons kòrèk la se **zwazo**, ki sou kote lèt **A**. Sou fèy repons ou, ou te dwe nwasi ti wonn **A**.

Reponn tout 30 kesyon ki nan Pati I egzamen sa a. Nwasi yon sèl ti wonn pou chak kesyon. Si w vle chanje yon repons, ou fèt pou efase repons lan nèt. Ou ka pa konnen repons pou kèk nan kesyon yo, men sèlman fè sa ou kapab pou chak kesyon.

Lè w fini ak Pati I a, ale nan Pati II a. Reponn tout kesyon ki nan Pati II a nan espas yo kite pou chak kesyon.

## Pati I

Sèvi ak rezo alimentè ki anba la a ak sa ou konnen nan syans pou reponn kesyon 1 ak 2. Kat (4) òganis ki nan rezo alimentè a make avèk lèt *A*, *B*, *C*, ak *D*.



(Pa trase selon echèl la)

1 Ki òganis nan rezo alimentè sa a ki se predatè ak viktim?

- A *A*
- B *B*
- C *C*
- D *D*


**Remake kesyon 2 la gen twa (3) chwa sèlman.**

2 Si popilasyon òganis *A* **diminye**, popilasyon òganis *B* ta pi ka

- A diminye
- B ogmante
- C rete menm jan

\*\*\*\*\*

- 3 Dyagram ki anba la a montre Latè k ap vire toutotou Solèy la. Lèt *A* ak *B* montre de (2) pozisyon nan òbit Latè toutotou Solèy la.



(Pa trase selon echèl la)

Li pran Latè yon ane pou vire toutotou Solèy la. Konbyen tan l ap pran pou Latè deplase ant pwen *A* pou rive nan pwen *B*?

- A 1 mwa
  - B 3 mwa
  - C 6 mwa
  - D 9 mwa
- 4 Ki de (2) tèm yo itilize pou dekri tan?
- A direksyon van an ak kantite ewozyon
  - B gravite ak kantite lapli
  - C dlo anba tè ak kouvèti nyaj yo
  - D tanperati lè a ak vitès van an
- 5 Ki pwosesis ki fèt lè vag oseyan an lage kokiyaj sou yon plaj?
- A kondansasyon
  - B depozisyon
  - C klasman
  - D wotasyon

6 Ki inite mezi ou ta dwe itilize pou dekri mas yon pòm?

- A gram
- B lit
- C minit
- D mè

**Remake kesyon 7 la gen twa (3) chwa sèlman.**

7 Yon objè atire nan yon leman. Lè yo mete leman an lwen objè a, fòs mayetik ki sou objè a ap

- A diminye
- B ogmante
- C rete menm jan

8 Ki karakteristik ki dekri teksti pwal yon ti chat?

- A gri
- B cho
- C long
- D mou

9 Dyagram ki anba la a montre yon kreyon y ap mezire avèk twonbòn.



Ki longè kreyon an, eksprime an twonbòn?

- A 4.0
- B 4.5
- C 5.0
- D 5.5

- 10** Yon elèv vide dlo nan yon tas epi li mete tas la nan yon frizè.  
Aprè anpil èdtan, dlo a
- A ki te solid chanje pou vin gaz
  - B ki te solid chanje pou vin likid
  - C ki te likid chanje pou vin solid
  - D dlo a ki te likid chanje pou vin gaz
- 11** Ki transfè enèji ki fèt lè yon elèv soufle yon siflè?
- A elektrik an son
  - B limyè an elektrik
  - C tèmik an mekanik
  - D mekanik an son
- 12** Ki sibstans ki se pi bon kondiktè elektrisite?
- A tij an vè
  - B bout bwa
  - C chalimo plastik
  - D klou metal
- 13** Ki koulè kaskèt bezbòl ki ta absòbe pifò limyè nan yon jounen ki gen solèy?
- A woz
  - B nwa
  - C blan
  - D jòn

**14** Ki fòs ki lakòz yon balon foutbòl tonbe atè apre yo te choute li anlè?

- A ewozyon
- B friksyon
- C gravite
- D mayetis

**15** Volim ak mas se pwopriyete

- A friksyon
- B limyè
- C matyè
- D son

**16** Ki zouti yon elèv ta itilize pou egzamine tach ki sou yon krapo?

- A tèmomèt
- B loup senp
- C silend gradye
- D leman



**17** Ki pwosesis ki komen nan pifò kreyati vivan?

- A vole
- B pale
- C wè
- D repwodui


**18** Ki karakteristik timoun yo kapab eritye nan paran yo?

- A cheve long
- B koulè yo pi renmen
- C zye mawon
- D bra kase


**19** Pandan ki pwosesis bèt yo ogmante nan gwosè?

- A respirasyon
- B devlopman
- C pèt pwal
- D reparasyon

20 Dyagram ki anba la a montre yon flè ki gen yon likid sikre ki rele nekta.



Yo montre kat (4) zwazo, ki make *A*, *B*, *C*, ak *D* anba la a. Zwazo yo manje diferan manje.



A



B



C



D

(Pa trase selon echèl la)

Ki bèk zwazo k ap fè li pi fasil pou rive nan nekta flè a?


A *A*

B *B*

C *C*

D *D*

Sèvi ak dyagram yon plant k ap fleri ki anba la a ak sa ou konnen nan syans pou reponn kesyon 21 ak 22. Gen kat (4) estrikti ki ede plant lan siviv, grandi ak repwodui ki make.



(Pa trase selon echèl la)

**21** Ki estrikti ki pran dlo ak eleman nitritif nan sòl la?

- A flè
- B fèy
- C rasin
- D tij

**22** Ki estrikti ki pwodui grenn pou repwodiksyon?

- A flè
- B fèy
- C rasin
- D tij

\*\*\*\*\*

- 23** Yon pyèw vide lank nwa toutotou kò li pou kache pou predatè yo.  
Adaptasyon sa a se yon egzanjp
- A kreyasyon abri
  - B resiklaj eleman nitritif
  - C yon transfè enèji
  - D yon mwayen defans
- 24** Ki aktivite ki se yon egzanjp bon abitud sante?
- A monte yon bisiklèt san yon kask pwoteksyon
  - B fimen sigarèt
  - C mete yon chapo pandan ou nan Solèy
  - D manje avèk men ou sal
- 25** Lòd kòrèk etap kwasans ak devlopman yon plant se
- A jèn plant → grenn → plant adilt
  - B grenn → plant adilt → jèn plant
  - C grenn → jèn plant → plant adilt
  - D plant adilt → jèn plant → grenn

- 26** Nan sezon prentan ak nan kòmansman sezon lete, lous yo souvan grate do yo nan pyebwa pou retire pwal livè a. Sa se egzanp yon bèt
- A k ap fè sik lavi li
  - B ki kòmanse ibènasyon
  - C ki reponn nan anviwònman li
  - D k ap prepare pou migrasyon
- 27** Yon zwazo bati yon nich pou
- A ibène nan sezon livè
  - B pwoteje pwojeniti li
  - C pwodui plis plim
  - D elimine dechè
- 28** Ki kalite òganis ki ede retounen eleman nitritif plant ak bèt ki mouri yo nan sòl la?
- A pwodiktè
  - B viktim
  - C predatè
  - D dekonpozè

**29** Ki sous prensipal enèji pou tout òganis ki nan pifò chèn alimantè yo?

- A limyè solèy
- B dlo
- C plant vèt yo
- D dekonpozè

**30** Ki aktivite imen k ap ede konsève resous natirèl Latè?


- A kite televizyon an limen tout lajounen
- B resikle boutèy plastik yo
- C koupe pyebwa yo
- D boule fatra nan lakou ou

\*\*\*\*\*

## Pati II

*Enstriksyon* (31–44): Ekri repons ou yo nan espas yo bay anba chak kesyon.

Sèvi ak graf an ba ki anba la a ak sa ou konnen nan syans pou reponn kesyon 31 ak 32. Graf an ba a montre wotè, an santimèt (cm), twa (3) diferan elèv ant ane 2005 ak 2009.



**31** Nan ki ane elèv *B* ak elèv *C* te gen menm wotè? [1]

\_\_\_\_\_

**32** Nan ane 2006, ki wotè elèv *A* te gen anplis pase elèv *C*? [1]

\_\_\_\_\_ **cm**

\*\*\*\*\*

Sèvi ak tablo done ki anba la a ak sa ou konnen nan syans pou reponn kesyon 33 ak 34. Yon elèv ap obsève koulè, tanperati ak volim senk (5) diferan likid, *A*, *B*, *C*, *D*, ak *E*. Yo montre ou obsèvasyon yo nan tablo done yo.

**Obsèvasyon Senk (5) Likid yo**

Likid	Koulè	Tanperati	Volim
A	mawon	80°C	6 mL
B	blan	40°C	10 mL
C	transparan	60°C	15 mL
D	woz	80°C	18 mL
E	mawon	40°C	20 mL

**33** Dapre tablo done ki anba la yo, ki likid ki gen koulè mawon epitou ki gen pi tanperati ki pi ba a? [1]

Likid \_\_\_\_\_

**34** Ekri yon deklarasyon ki dekri diferans ant volim likid *A* ak volim likid *D*. [1]

---




---

\*\*\*\*\*



**35** Dyagram ki anba la a montre Solèy la ak Latè. Lèt *X* montre yon pozisyon sou sifas Latè.



(Pa trase selon echèl la)


Yo montre ou pozisyon *X* pandan jounen an. Eksplike pou kisa l ap lannwit nan pozisyon *X* nan 12 èdtan. [1]

---

---

---


36 Kat (4) pwosesis nan sik dlo make nan dyagram ki anba la a.



Premye kolòn tablo ki anba la a dekri sa ki pase pandan chak pwosesis nan sik dlo a. Konplete tablo a. Pou fè sa, mete mo a pou **chak** pwosesis. Yo montre ou pwosesis ki nan premye ranje a. [1]

Sa ki Pase Pandan Pwosesis la	Pwosesis Sik Dlo
Dlo a soti nan nyaj la pou tonbe atè.	presipitasyon
Dlo likid koule sou sifas Latè.	
Dlo likid chanje an vapè dlo.	
Vapè dlo chanje an dlo likid.	

Sèvi ak dyagram ki anba la a pou reponn kesyon 37 ak 38. Dyagram nan montre yon blòk bwa y ap pouse palòtbò yon sifas ki di.



**37** Eksplike pou kisa lè yo pouse blòk bwa a palòtbò sifas di a sa ap fè anba bwa santi li cho. [1]

---

---

---

**38** Dekri **yon** chanjman ki kapab fèt nan blòk la oswa nan sifas la yon fason pou anba blòk la **pa** santi li cho apre yo pouse li. [1]


---

---


---

\*\*\*\*\*


**39** Dyagram ki anba la yo, ki make avèk lèt *A*, *B*, ak *C*, montre twa (3) diferan machin senp y ap itilize.



A



B




C

(Pa trase selon echèl la)

Nan tablo ki anba la a, ekri lèt dyagram ki montre yon egzanp **chak** machin senp. [1]

Machin Senp	Lèt
levye	
pouli	
plan encline	

40 Dyagram ki anba la a montre yon pengwen. Pengwen sa a viv toupre dlo nan yon anviwònman ki frèt anpil. Yo make twa (3) estrikti kò a.



Chwazi **yon** estrikti kò ki make nan dyagram nan. Eksplike kijan li ede pengwen an siviv nan anviwònman li. [1]

Estrikti kò: \_\_\_\_\_


Kijan estrikti kò sa a ede pengwen an siviv nan anviwònman li:

---

---

---

41 Dyagram ki anba la a montre yon sèf ki nan yon anvivònman pyebwa.



Idantifye **de (2)** fason sèf la depannde plant yo pou siviv. [2]

(1) \_\_\_\_\_

(2) \_\_\_\_\_


42 Bay **yon** rezon ki fè papiyon yo migre nan sezon lotòn. [1]

---

---

---

Sèvi ak dyagram ki anba la a ak sa ou konnen nan syans pou reponn kesyon 43 ak 44. Dyagram nan montre sik lavi yon koksinèl. Kat (4) etap devlopman yo make avèk *A*, *B*, *C*, ak *D*.



**43** Nan tablo ki anba la a, ekri lèt nan dyagram nan ki reprezante **chak** etap devlopman ki endike a. Yo montre ou lèt la pou etap adilt la. [1]

Etap Devlopman	Lèt
adilt	D
ze	
pip	
lav	

**44** Endike **de (2)** bagay koksinèl la ak lòt bèt yo bezwen pou viv. [1]

\_\_\_\_\_ ak \_\_\_\_\_

\*\*\*\*\*

# GRADE 4 ELEMENTARY-LEVEL SCIENCE HAITIAN CREOLE EDITION

## Pou Itilizasyon Pwofesè Sèlman Part II Credit

<b>Question</b>	<b>Maximum Credit</b>	<b>Credit Allowed</b>
<b>31</b>	<b>1</b>	
<b>32</b>	<b>1</b>	
<b>33</b>	<b>1</b>	
<b>34</b>	<b>1</b>	
<b>35</b>	<b>1</b>	
<b>36</b>	<b>1</b>	
<b>37</b>	<b>1</b>	
<b>38</b>	<b>1</b>	
<b>39</b>	<b>1</b>	
<b>40</b>	<b>1</b>	
<b>41</b>	<b>2</b>	
<b>42</b>	<b>1</b>	
<b>43</b>	<b>1</b>	
<b>44</b>	<b>1</b>	
<b>Total</b>	<b>15</b>	